Sëriñ Mbay Jaxate

Jaaraaki doomam

Sëriñ Mbay Jaxate

Jaaraaki doomam

© 1436 h / 2015 - www.drouss.org
Tous droits de reproduction réservés, sauf pour distribution gratuite sans rien modifier du texte.
Pour toutes questions, suggestions, ou erreurs, veuillez nous contacter par le biais de notre site internet : www.drouss.org

Quelques indications

	Wolof	**Français**
e = é	per	pér
u = ou	rus	rous
c = th	caam	thiam
ñ = gn	ñam	gnam
x = kh	xol	khol
j = dj	jibi	djibi
nj = nd	njaay	ndiaye
nd = nd	nday	ndeye
ŋ	ŋaam	(machoire)
ë = eu	gëm =	geum
é = è (plus dur) = rér		perdu
óo = au	góor	gaure
q = xx	suqali	soukh khali
ii - uu - oo - aa ee (tirer sur le son) ; Ex : biir - suur -xool - gaal - xeer		

Bismi-l-laahi-r-Rahmàni-r-Rahìmi



Jaaraaki doomam a jël ndam ñoo amit jërejëf
Moo jiitu soxna yi doomam jiitu ñiy tubéyu



Kuy soxna Jaaraa la gën mbooleem ku sol tubéyit
Bàmba ko gën foppu wax jii wér gi dém na dayo



Yaw soxna Jaara ku am jaaraama yaa ko waral
Sa dooma gën ñepp yaa gën mag ñi gën gone yi



Yaw Soxna Jaara begal saw ŋañ̃ rot na xasal
Yaa jur ka jëm ci Boroomam woote ñepp wuyu



Góorak jigeenak magak ndaw koo fi jis mi ngi jak
Te yaa waral ñeppu jak beykat nga bey nga beyu



Xamal ni waa pénku ak waa sowwu ñeppa ngi moss
Ci sab liggéeyaka bég yaw doo ku deefi moyu



Daawoo weranteeka songanteeka dox di xuloo
Daawoo bañit kula yab daawoo jayeeka jayi



Daawoo lebal kenn ay daawoo waxit lu jubul
Daawooko def Buso jaajëf man danaala nuyu



Tey maagiley nuyu nak yaw mbaati jàmm nga am
Do am ludul jàmm yaa fab jàmm leble fayu



Yaa japp jàmmak u yiw ak cant tex ko mu sax
Nga beyko nak bamu ñor daagul ca Aajjana ya



Ku dib jullit warnalay ñaanal ci waxtu wu jot
Loo bëgg yalna nga am dakkul nu yuy duriya



Sarax nu nak ci sa barkeb sët yi ak ci yawit
Muccak werak guddu fane loolak wayak tubéyu